

BABAD MANGIR

ENENGENA NEGARI MENTAWIS

DHANDHANGGULA

1. Enengena negari mentawis / Wonten kecap gempaling carita / Tur sami tedhaking maos / Pan ingkang rumuwun / Duk bedhahe ingkang negari / Majapahit semana / Kathah kang tan anut / Para putra myang sentana / Samya kesah ing wana / Tuwin ing ardi / Kathah sami mertapa //
2. Mana Raden Alembu Amisani / Sakesahe saking Majalengka / Datan karuwan sedyane / Mangilen purugipun / Manjing jurang aminggah ardi / Anepi guwa sonya / Wus lami cinatur / Amung kalih garwa putra / Pan kalunta lampahira siyang ratri / Acegah dhahar nendra //
3. Prapteng nagri Panaraga nenggih / Sampun panggih kaliyan sang raka / Anenggih Bathara Katong / Wus manjing gama Rosul / Raden Lembuamisani nenggih / Tan arsa gama Islam / Tan lami neng riku / Lajeng kesah manjing wana / Lan kang garwa putra setunggil tan keru / Jalu bagus kang warna //
4. Pinaraban Dyan Wanabayaki / Nenggih wanter kasutapanira / Tan pisah lawan ramane / Siyang dalu lumaku / Datan dhahar miwah lan guling / Kalunta saya tebah / Prapta Ardi Kidul / Dhusun ing Dhandher wastanya / Apan kendel neng riku amangun teki / Nenedha mring dewanya //
5. Datan pegat amuja semedi / Anenedha mring Bathata Mulya / Sanget pamintaning batos / Sageda nggenti pulung / Mengku ing rat tanah Jawi / Jumenenga narendra / Ing sapungkuripun / Sanget mbanting sarira / Duk semana Dyan Lembu Amisani nenggih / Lami sampun muksa.
6. Lan kang garwa kantun ingkang siwi / Raden Wanabaya kawlas arsa / Tinilar rama ibune / Dadya arsa nglangut / Sigra kentor saking ardi / Dhandher sampun kawuntat / Nurut samodra gung / Rahaden kalunta-lunta / Amesisir ing Guwa Langse nenepi / Lami amati raga //

-
7. Amerengi ing dina sawiji / Duk semana wanci bedhug tiga / Ana swara dumelinge / Kulup Wanabayaku / Lah kentara sangking ing riki / Ngalar ngulon deninggal / Njujuga sireku desa ing Mangir wastanya / Martapa mangsuka agama suci / Kasab anenandura //
 8. Pinggir Progo sira monga tani / Dedanaa besuk masthi sira / Katurunan nugrahane / Nging atmajengireku / Darbe gaman ampuh nglangkungi / Tan ana wong kuwasa / Myang wong teguh timbul / Yen katiban mesthi pejah / Anulya Dyan Wanabaya nglilir / Pupungun ing Wardaya //
 9. Byar rahina Raden Jaka mijil / Sangking guwa ningali samodra / Kelangkung ageng alune / Nempuh parang gumebyar / Pan gurnita kagiri-giri / Raden Jaka umesat / Tumameng ing ranu / Tan teles kambah ing toya / Raden Jaka lir lumampah aneng siti / Prapta ing Parang Tigan //
 10. Ing gegisik lampahira ririh / Acengkrama ing samarga-marga / Kpirangu ing galihe / Ningali samodra gung / Alun ageng kagiri-giri / Gurnita swaranira / Jumegur gumuruh / Dadya panglipuring beranta / Raden Jaka ing Parang Tritis / Neng riku amemuja //
 11. Pringgabaya rahaden tan keksi / Amung meleng nenedha ing sukma / Wus natas bangun rinane / Byar kesah sang binagus / Lampahnya lon cengkrameng margi / Kathah kang tiningalan / Isining sagra gung / Wus prapta in Parang Wedang / Raden mampir sakedhap nulya lumaris / Parangsuma kamargan //
 12. Sira lajeng lampahle lestari / Prapta gisik Mancingan semana / Kendel sakedhap gya lengser / Mangilen lampahipun / Wirandhungan samargi-margi / Prapta sowangan opak neng riku manengku / Apan gantya pituning dina / Enjing kentar nabrang mangilen lumaris / Tan kawarna ing marga //
 13. Sampun prapta ing sowangan Pragi / Dadya kendel Dyan Jaka neng kana / Nenedha marang Sukmanon / Catut ari dasantuk / Raden Jaka denny manepi / Saking sowangan kesah mengaler lumaku / Urut Peraga lampahnya / Tan kawarna ing marga Mangir wus prapti / Dyan kendel mangun tapa //
 14. Adhedhukuh neng riku wus lami / Akesosra marang tangga desa / Ing prapat panca limane / Wong urut Praga suyud / Keh kemilik

- dhateng ing Mangir / Semana sampun ajar / Ing Mangir jalma gung /
Wetara wong sewu ono / Inggang sami tumut dhukuh ing Mangir /
Tuwin sami sawita //
15. Raden Jaka semana wus krami / Angksal nake tiyang alelana /
Sangking Juwana wijile / Tumut truka neng riku / Sakler kilen dhukuh
ing Mangir / Mila araning desa / Juwana kang dhukuh / Panggihira
tan ginusta / Dadya karan Ki Ageng Mangir mangkin / Mangir Ki
Wonoboyo //
15. Tan cinatur lamane semangkin / Kyai Wonoboyo wus peputra / Jalu
pekik warnane / Apan dewasa sampun / Kinramakaken nenggih kang
siwi / Pan angsal putranira Ki Paker punika / Kelangkung binuja
krama / Enengana ingkang lagya nambut kardi / Warnanen Jeng
Susunan //
16. Adilangu sampun udanening / Yen Ki Ageng Wonoboyo / Badhe
uliyana kinaot / Nging dereng angsal guru / Jeng Susunan arsa nindaki
/ Nanging mindha kawula denya amertamu / Kuneng ingkang
namur lampah / Ki Ageng Mangir punika wuwusen malih / Kang
lagya nambut karya //
17. Abusekan ingkang nambut kardi / Tata tratag miwah tetuwuhan /
Pepajangan rampung kabeh / Langse kumendhung kendhung / Saka
sami dipun ulesi / Samya rinengga rengga / Lir swargan dinulu /
Gangsa ngantya gangsal rancak / Aneng regol njawi pan ingkang
satunggil / Regol njero ngrong rancak //
18. Ri sedhenge tamu ageng prapti / Demang Rangga tampang bekel
desa / Gamelan amyang swarane / Kawarnaa sang wiku / Sunan Adi
sakedhap prapti / Mangir anamur lampah / Desthar wulung kluwuk /
Rasukan gadhung amangkak / Apaningset songer wangkingane /
Kusi nyampinge tuwuh sela //
19. Kawarnaa sang wiku / Sunan Adi sakedhap prapti / Mangir anamur
lampah / Desthar wulung kluwuk / Rasukan gadhung amangkak /
Apaningset songer wangkingane / Kusi nyampinge tuwuh sela //
20. Tanpa rencang Jeng Sunan duk prapti / Sareng lenggah pan ora
sinapa / Alenggah karsane dhewe / Neng pojok pernahipun /
Risedhengnya sanggata mijil / Gangsa munya angraras / Sinden

- swara rum / Sampun samya ingacara / Lajeng dhahar sagunge kang tamu singgih / Mung sang wiku tan dhahar //
21. Kyai Ageng Mangir aningali / Yen tamune setunggal tan nedha / Nulya ngacarani alon / Lah nedhaa Ki Bagus / Jeng Susunan nuwun turneki / Rineksana adhahar / Tumungkul abikut tumpeng satunggil meh telas/ Pangrasane dhayoh kang sami ningali / Satuhne tan dhahar //
 22. Risampune adhaharan sami / Inkgang pindha kawula tur sumbang / Tigang buntel ing kathahe / Majeng alon amatur / Nggih Ki Ageng kula ngaturi / Panjuring tumbas sedhah / Paringing Ywang Agung / Ki Ageng nampeni inggal / Kagyat ing tyas / Ki Ageng aniti warti / Kisanak pakenira //
 23. Inggih pundi wisma dika yekti / Lawan sinten sinambating nama / Manira tambet wiyose / Kang pindha alit matur / Ki Dulrajak namamba yekti / Desa ing Somatingal / Ing wismaning ulun / Manira nuwun wangsula / Sigra kesah tan mawi dipunwangsul / Medal sangking mendhapa //
 24. Pan kawur jalma kang ngladeni / Wus tan katon prapteng dhadhah sigra / Jeng Sunan busana kaot / Lawan ingkang ndherek agung / Upacara lir demang desi / Desthare bangun tulak / Tinepi mas murup / Paningsete cindhe tumpak / Arasakan beludru wilis respati / Ngagem epek kencana //
 25. Lawan ingkang ndherek agung / Upacara lir demang desi / Desthare bangun tulak / Tinepi mas murup / Paningsete cindhe tumpak / Arasakan beludru wilis respati / Ngagem epek kencana //
 26. Janur renda bangkole mas adi / Mawi anggar emas tinatratapan / Wangkingan dinar pendhoke / Nyuriga cara wangsul / Ukirane prasu mas adi / Topengan mas rinengga / Kandelan mas murup / Nyampinge tambalan noman / Alancingan panji-panji amanesti / Nitih kuda apelag //
 27. Sigra wangsul grumundug kang ngiring / Pangrasane jalma tumingal / Kagyat angaturi weruh / Ki Ageng gya tumurun / Satamune methuk kori / Gamelan munya omyang / Barung kalaganjur / Horeg sawong dalem pisan / Samya medal ningali kang tamu prapti / Wis ingaturan lenggah //

28. Wus tumanduk mandhapa gya linggih / Ler piyambuk apan munggeng tengah / Nganan ngering tamu akeh / Ki Ageng munggeng ngayun / Tur perbage mring lagya prapti / Tamu matur anedha / Pasiyan kang dhawuh / Ki Ageng matur tetanya / Inggih Kyai paduka priyagung pundi / Sinten kekasih tuwan //

ASMARADANA

1. Akarya brangta ing galih / Sumaur keng lagya prapta / Ing Kembanglampir sun Angger / Raningsun Demang Melaya / Tuwi ing pakenira / Ki Ageng matur anuwun / Sigra dhedhaharan medal //
2. Inggang adi-adi prapti / Wus aglar munggeng ngayunan / Ki Ageng umatur alon / Suwawi paduka dhahar / Sawotening adhekah / Kang mindha tamu sumaur / Manira luwih tarima //
3. Rineksana sigra ngambil / Jenang pinaringken desthar / Juwadah munggeng klambine / Rengginang munggeng wangkingan / Sedaya kang busana / Pinaring panganan sampun / Datan ana kaliwatan //
4. Ki Mangir micoreng ngati / Kaya priye karsanira / Tan dhahar mung busanane / Inggang pinaring dhaharan / Dadya matur mangerpa / Kandospundi ta pukulan / Tan dhahar mung kang busana //
5. Sedaya dipunleleti / Sawarnanipun dhaharan / Kang mindhawarna saure / Jer iku kang sira segah / Jeng Sunan nulya lukar / Busana sampun timumpuk / Jeng Sunan sampun akesah //
6. Kinendhepaken tan kaeksi / Dupi tebah gya katingal / Ki Mangir branta ing tyase / Kapencut ing ngelmu rasa / Jrih tumingal busana / Sigra anututi gupuh / Umatur sarwi ngrerepa //
7. Duh Gusti Sang Maha Yekti / Kawula atur prasetya / Nuwun kawejanga mangke / Jeng Sunan noli angandika / Dene Ki Jebeng sira / Anututi marang ingsun / Apa paran kersanira //
8. Ki Wonoboyo tur bekti / Amba ayun andhedhepok / Andherek ing karsa Tuwan / Nadyan pejah gesanga / Jeng Sunan ngandika arum / Yen Sira temen ing manah //
9. Ingsun gelem asuning margi / Nging mengko sira balia / Nutugna karyamu age / Yen temu anakira / Iya sira nusula / Mring Kembanglampir den gupuh / Sun wejang ing ngelmu rasa //

10. Jeng Sunan wus tan kaeksi / Tan keno tinututana / Ki Gedhe wangsul sir age / Andugekken karyanira / Nggancangaken kang carita / Was panggih pangantenipun / Tan ginustha karesmennya //
11. Wus atut palakrami / Ki Wonoboyo ngandika / Mring putra raden panganten / Lah Kulup sira karia / Den becik apalakrama / Gumantia marang ingsun / Ki Ageng Mangir namaa //
12. Ingsun angulati Gusti / Mring Kembanglampir kang dhekah / Tan mulih-mulih katengong / Yen tan panggih guruningwang / Sun madhep mring kamuksan / Kang putra matur rawat luh / Kawula dherek ing Tuwan //
13. Ki Wonoboyo ngling aris / Aja sira milu ngringwang / Lah tunggunen dhukuh kene / Ki Wonoboyo gya kesah / Apan datanpa rewang / Katiwang ing lampahipun / Tan ana kacipteng driya //
14. Amung welinge sang Yogi / Ing Sekarlampir sinedya / Datan kawarna lampahé / Ing marga pan sampun prapta / Kembanglampir semana / Pan inggih kapanggen suwung / Dhukuh asuwung kewala //
15. Mung ana masjid sawiji / Padasan enech satunggal / Balumbange asri tinom / Nging tan ana ingkang tengga / Ya ta Ki Wonoboyo / Akendel wonten ing riku / Tanpa dhahar tanpa nendra //
16. Ngantya kawan dasa ari / Dennyta nekung aneng langgar / Tan dhahar miwah tan sare / Warnanen Kangjeng Susunan / Ngabdilangu semana / Kemutan sajroning kalbu / Deniro darbe tembaya //
17. Sakedhap parapta Banglampir / Tidakira anglir kilat / Awanci tengah dalune / Marengi tanggal purnama / Jumungan Kaliwonnya / Jeng Sunan duk rawhipun / Wonoboyo kagyat mulat //
18. Sigra majeng angebekté / Dlamakan sarwi karuna / Sumungkem ngusap lebune / Jeng Sunan alon angandika / Lah wis Jebeng lungguha / Sutarima prasetyamu / Mengko sun mbabar wirayat //
19. Den mantep marang agami / Den sukurena ing sukma / Hyawa pegat nestapane / Rineksana wus wijenang / Sejatining agama / Wus tamat suraosipun / Sarengat manjing terekat //
20. Khakekate haywa silib / Pinanjingena makrifat / Tatas suraosing batos / Ing agama sampun tatas / Winejang ngelmu rasa / Ing panjang sumuruping lampus / Sangkan paran wustan kewran //

21. Lan sira maguna teki / Anaeng ing Guwa Plawangan / Den manteb bekti Yang Manon / Lan den eling Jebeng sira / Aja kaya ing kuna / Tata likur kawlas ayun / Agunggung-gunggung kerajan //
22. Iku sesiriking ngelmi / Nanging wus pasthi ing wuntat / Jalma busana kajene / Ki Wonoboyo tur sembah / Langkung kaduwungira / Polahe kang wus kelanjur / Asru nelangsa ing sukma //
23. Jeng Sunan ngandika malih / Besuk sira pinaringan / Keramat dening Ywang Manon / Gegaman ampuh kalintang / Amarga tekeng sira / Tan na jalma teguh timbul / Yen katiban mesthi pejah //
24. Matur sandika nglampahi / Jeng Sunan wus tan katingal / Ki Wonoboyo sirage / Raina wengi lumampah / Tan kawarna ing marga / Pelawangan sampun rawuh / Neng riku amangun tapa //
25. Barang tapa den lampahi / Ngalong ngluwak udan-udan / Angeli yen banjir gedhe / Yen rina angon reditya / Nggenteni wong kang gegawa / Sinung pangan kawlas ayun / Aweh payung wong kudanan //
26. Wus katarima ing Yang Widi / Agal alit tan kewuhan / Dadi barang ing ciptane / Sunana sang Apandhita / Akorud ingkang kama / Sampun takdiring Yang Agung / Cinipta seking dadya //
27. Kuneng ingkang wus angsal sih / Ing Mangir ingkang kocapa / Kang gumanti ing ramane / Ki Ageng Mangir taruna / Wus lawas antaranya / Kang garwa nggarbini sampun / Antara wus pitung wulan //
28. Semanarsa den tingkebi / Ndhatengaken kawula wangsa / Samya kinen nyambut gawe / Lanang wadon sami prapta/ Tanapi tangga desa / Prapat manca lima rawuh / Rerewang anambut karya //
29. Ya ta kawarnaa malih / Ki Ageng Wonoboyo / Kang tapa Plawangane / Wus tan samar tingalira / Kang putra gadhah karya / Anulya tetuwi sampun / Prapta ing Mangir wus lenggah //
30. Garwa putra matur aris / Sangking ing pundi Paduka / Ki Wonoboyo delinge / Ingsun tekeng puruita / Kembanglampir ing Dhekah / Jeng Susunan Kadilangu / Kang sun pitedah maring wang //
31. Ingsun kinen mangunteki / Aneng guwa Plawangan / Ngabekti marang Ywang Manon / Kuneng gantya kang lagi wirayat / Dhayoh saya geng prapta / Lanang wadon pun gumuruh / Nambut gawe bak piyambak //

32. Kacatur tamu pawestri / Ing Jlegong warnane endah / Anake Demang Jalegong / Estri sampun diwasa / Nanging dereng akrama / Angrencangi nakir wau / Kekirangan gegaman //
33. Mirsa Ki Wanabekti / Ngasta lading seking pelag / Ni Rara umatur alon / Anuwun nyambut sekingnya / Karya nakir punika / Seking sinungaken sampun / Sarwi angling pawekas //
34. Lah Rara lading puniki / Yen wis nggennya nambut karya / Aja kongsi glethak glethek / Neng ngandhap iku tan kena / Yen kungkulan wanodya /.Seking tinampenan sampun / Kinarya nakir agentya //
35. Sampun rampung dennya nakir / Dilalah pasthi tan kena / Kang nggarap sami kesupen / Seking sineleh kelasa / Kalinggihan semana / Mring Ni Rara ingkang nyambut / Seking musna manjing garba //
36. Dadya wawrat sang lir suji / Ki Wonoboyo tetanya / Amundhut sekingira ge / Sang Rara matur anembah / Kagungan Tuwan ical / Neng ngandhap kelasa wau / Kalenggahan sirnanira //
37. Kiyai Ageng miyarsi / Langkung merang ing wardaya / Lajeng kesahira age / Tan poyan ing garwa putra / Lajeng manjing ing guwa / Asru tobat ing Hyang Agung / Dene tan kena ing coba //
38. Langkung bantere mangun teki / Genti ingkang winurcita / Nenggih Ni Rara Jalegong / Bubar sing Mangir semana / Tan kawarna ing marga / Wus prapta ing wismanipun / Pan sampun antara lama //
39. Kesah marang ing wanadri / Merang umiyat ing kathah / Dening dereng karma mbobot / Langkung dennya kawlas arsa / Sampun prapteng semaya / Anyakiti neng wana gung / Langkung dennya ngayang-ngayang //
40. Tan saged lair tumuli / Mila kadelah ing mangkya / Wana kyanan namane / Nulya sang Rara akesah / Saking bantering raga / Akungkum aneng ing ranu / Kang aran Rawa Jembatan //
41. Wus dangu dennya nyakiti / Neng rawa nulya ambabar / Medal taksaka putrane / Sang Rara sanget kantaka / Kasupen purwa duksina / Tan saged ningali sunu / Dene tan rupa manungsa //
42. Taksaka ageng nglangkungi / Apanjang ngleker ing rawa / Pirsane ibune meh layon / Sarpa saged tata jalma / Welas marang ibunya / Nangisi sarwi amuwus / Sih anom aja palastra //

SINOM

1. Lah biyung sira tangia / Aja sira angemasi / Ni Rara aparipurna / Aningali mring kang siwi / Ajrihira nglangkungi / Nanging tan saged lumayu / Ula ngucap tetanya / Balik ingsun wartanana ingkang yoga //
2. Ni Rara alon angucap / Saking jrih sarwi gumigil / Sun tan wruh sudarmanira / Sebab sun durung alaki / Dene sun anggerbini / Saking Mangir purwanipun / Ingsun mentas rewang / Tan ngrasa lawanan mami / Lan sun Tanya marang Ki Geng Mangir kana //
3. Pan arsa suka uninga / Teksaka suka nglangkungi / Ningali mring biyangira / Ngore rekma aniba tangi / Wisu gumuywa mbelik / Nulya lampahira laju / Marang Mangir semana / Datan kawarna ing margi / Ula sigra nututi biyangira //
4. Ni Rara ing Mangir prapta / Ki Ageng kagyat suryaengling / Lah ta sira ana apa / Lumayu aniba tangi / Megap-megap dennyangling / Tan dangu teksaka rawuh / Jonggol neng wurenira / Ni Rara tiba tan eling / Ki Geng Mangir kagyat ajrih arsa kesah //
5. Pujangga gumuyu suka / Nggih Kiyai sampun ajrih / Suwawi sami alenggah / Kawula nuwun upeksi / Ki Geng Mangir langkung jrih / Gumeter nggenira lungguh / Ngucap gugup nggeragap / Teksaka apa sireki / Tanpa sangkan umatur ponang pujangga //
6. Aturipun tata jalma / Kawula inggih Kiyai / Nuwun pirsu jengandika / Sinten sudarma lun yekti / Ki Ageng Mangir mantub ajrih / Wus sareh ing manahipun / Dene bisa angucap / Kelawan emut ing galih / Duk kesaha kang rama sarwi wawarta //
7. Iya sun tuturi sira / Sudarmanira sayekti / Ran Kiyai Wonoboyo / Mertapa ing Merbabu wukir / Lah jujugen sayekti / Pasthi sira yen denaku / Ula amit umesat / Datan kawarna ing margi / Lampahira prapta Merbabu semana //
8. Ki Wonoboyo ngandika / Lah ula apa sireki / Dene bisa tata jalma / Anjujug pertapan mami / Pujangga matur aris / Mila kawula pukulun / Sowan sang maha tapa / Kepingin ingaken siwi / Arsa nglebur tapak suku sang Pandhita //

9. Kiyai Ageng ngandika / Ingsun karya pasang giri / Kelamun sira abisa / Nglengkeri gunung puniki / Tepung sirah dumugi / Lawan buntutira gathuk / Lamun sira tan wignya / Sun tata arsa ngaku siwi / Mrebes mili pujangga nangis lir jalma //
10. Teksaka matur ngrerepa / Sandika dhateng nglampahi / Angsala pangestu Tuwan / Mugi segeda kiyai / Rineksana tumuli / Awakira gya pinusus / Sadariji geng ira / Panjang arga den lekeri / Pan maneh kemptu among ta kirang saasta //
11. Apa meled ilatira / Tepunge kelawan pethit / Ki Wonoboyo trengginas / Ilat pinancas ing cundrik / Tugel runtuh ing siti / Cinipta dhateng sang wiku / Dadya waos utama / Apan dhapur Barukuping / Baruklinthing pejah nyawa rupa jalma //
12. Raga pejah rah nyemburat / Gandanya arum wangi / Binucal dhawah ing arga / Kidul kilen pernahneki / Wetan Lowanu nenggih / Gugraking bathang ngganda rum / Sirnaning bathang ula / Tumbuh wraksa waru sak wit / Mawi simbar karan Gunung Wangi mangkya //
13. Kuneng raga kang ginustha / Muse Ki Baruklinthing / Sinabda marang kang rama / Lah kulup sira sun tuding / Awora bangsa ejim / Aneng ing Pening ngedhaton / Tunggal sukma nglembara / Dyan Baruklinthing wotsari / Tan lenggana sapituduhe kang rama //
14. Gya lengser sangking ngekengan / Sakedhap prapta ing Pening / Tunggal Sukma nglambara / Akayangan aneng Pening / Nengna kang sampun mukti / Ki Wonoboyo winuwus / Lajeng kesah tirakat / Waos Ki Baru cinangking / Ngidul ngilen ing Gunung Wangi wus prapta //
15. Amanggih waru asimbar / Anulya wau pinusthi / Sinabda dadya landheyen / Tabapi sarunganeki / Waru sawit kang dadi / Ki Wonoboyo gya wangsul / Lajeng tapa anangsang / Neng kajeng gurdha wus lami / Sampun gentur Ki Wonoboyo sampurna //
16. Kantun waos kang sumladhang / Nenggih neng kayu waringin / Nanging katingalan sarpa / Ageng panjang ngrajih / Ngakak rina wengi / Kathah jalma kang karungu / Tuwin ingkang uninga / Yen ula ageng wringin / Samya ajrih langkung singiding kang wana //
17. Jalma mara jalma pejah / Sato mara, mara mati / Kuneng ingkang wis sampurna / Warnanen Ki Ageng Mangir / Sampun lama ing

- mangkin / Apan kathah putranipun / Jalu estri datan ginupit / Among putra kang sepuh ginupita //
18. alu abagus warnanya / Winastan Ki Jaka Mangir / Semana sampun diwasa / Tinimbangan mring sudarmi / Sampun munggend ing ngarsi / Ki Ageng Mangir nabda rum / Kulup sira karia / Sun arsa mangun teki / Andhedherek marang eyangira ngarga //
19. Tapa neng Gunung Arbabwa / Wus lawas ing sun tan tuwi / Kang putra matur sumangga / Ki Ageng sigra lumaris / Tan kawarna ing margi / Wus prapta Arbabu Gunung / Panggih suwung kewala / Tanya mring sabate nenggih / Marang ngendi Kiyai dennya akesah //
20. Kang tinanya matur seca / Sampun lami ta Kiai / Kesahe ambekta tumbak / Dhapuring Barukuping / Purwanipun ginupit / Sedyanira wus katur / Ki Mangir duk miyarsa / Legeg wigugen ing galih / Dadya neknung Ki Ageng aneng jro guwa //
21. Wus lama antaranira / Marengi dina sawiji / Ya ta wanci labuh tiga / Wonten suara kapiarsi / Ujaring swara dumling / Aja sungkawa sireku / Lah kidul ika ana / Kayu gurdha gung sawiji / Ya neng kono sudarmanu tapa nangsang //
22. Lan nggawa tumbak utama / Dhapuripun Barukuping / Ampuhe kagila-gila / Besuk sira kang ndarbeni / Tumrun anakireki / Dadi pusakaning ratu / Kang mengku ing rat Jawa / Wus nir swara Kyageng nglilir / Apungun sarta alon pamitan //
23. Lah sabat sira karia / Ingsun arsa angulati / Ingsun tan arsa muliha / Yen tan ketemu kiyai / Nadyan prapta ing pati / Apan wus kasedyeng kalbu / Sabat matur sumangga / Gya lengser Ki Ageng Mangir / Ngidul bener ningali wraksa satunggal //
24. Ageng asinguh pernahnya / Neng pinggir jurang tumawung / Ki Ageng wus lumeksana / Tan ana baya kaeksi / Mung ujaring kang wangsit / Inggang pineleng kalbu / Lajeng lumebet enggal / Neng ngandhape kajeng wringin / Aningali an ula geng sumladhang //
25. Angakak ratri lan siyang / Hatnya melet lira pi / Ki Ageng tapa ing ngandhap / Antuk kawan dasa ari / Tan dhahar tan aguling / Sanget denira manekung / Manah tan kaya-kaya / Umadhep pasrah dhumatheng ing Ywang Kang Murba //

26. Marengi Dina Jumungah / Kaliwon bangun kang awanci / Wuryan kang rama katingal / Ki Ageng Wonoboyo ngling / Lah kulup dipun aglis / Sira ambila den gupuh / Inggang katingal naga / Pan iku tumbak sayekti / Langkung ampuh iku pusakaning nata //
27. Kang mengku ing Tanah Jawa / Iya inggang wuri-wuri / Pan inggang uwis sampurna / Ja sira kaliru kapti / Lan ambilen den aglis / Ki Wonoboyo nir sampun / Ki Ageng Mangir trengginas / Pethite naga pinusti / Gya sinendhal wus dadya waos apelag //
28. Abungah narwata suta / Sira Ki Ageng ing Mangir / Pinandi kang waos sigra / Arsa mantuk dhateng Mangir / Pun lampahira aglis / Datan kawarna ing enu / Prapta Mangir semana / Ya ta wanci sirep jalmi / Manjing dalem garwa putra tan uninga //
29. Kang maos sampun pinoncalan / Rinengga kelangkung wingit / Rina wenig kinuntungan / Ing dupa gandanira mrik / Putra wus sinung warti / Wangsite eyangipun / Langkung denira bingah / Pan sampun antara lami / Wus kasusra Ki Ageng Mangir prabawa //
30. Marga sangking waosira / Jalma kanan karing ajrih / Kathah sami kumawula / Dhumateng Ki Ageng Mangir / Langkung mandhireng galih / Tan arsa seba ing Prabu / Duk lagya Nagri Pajang / Ngantya mangke panjenengan ing Mentaram //
31. Nanging wus sepuh kalintang / Ki Ageng nulya ngemasi / Putra Ki Jaka gumantya / Nunggak semi ing sudarmi / Nama Ki Ageng Mangir / Tan purun seba Mentaram / Gunge wong tuwa-tuwa / Ing Mangir sami ngaturi / Kacundhuka dhateng sang Prabu Mentaram //
32. Dene ta sampun kasusra / Mentaram ratu sineki / Rat Jawa tumiyung samya / Pasisir manca negari / Kedhu miwah Bagelen / Banyumas Tegal wus teluk / Ing Banten Pajajaran / Jakarta sami sumiwi / Kantun ngriki bawah alit dereng seba //
33. Ki Ageng Mangir angucap / Ingsun wani aprang tandhing / Lawan sang Prabu Mentaram / Ing ngendi nggone kepanggih / Lan ingstan ngregoni / Marang jenenge ing ratu / Mung iki dhukuh ingwang / Yasane eyang pribadhi / Tekeng rama sedheng ingstan ngakahana //
34. Ingsun benjang gelem seba / Mring Senopati Mentawis / Yen kelar anadhahana / Tumbak sun Ki Baru iki / Yekti gelem sun bekti / Marang sang Rajeng Mentaram / Kuneng kang asung rembag /

Sagung wong tuwa ing Mangir / Kawarnaa Mentarum tan pegat
gustha //

MADYANING PALUGON

MEGATRUH

1. Kawarnaa risang Prabu ing Mentarum / Langkung pangunguning
galih / Sasedanira kang sunu / Senopati ing Kadhiri / Aneng
madyaning palugon //
2. Lagya mangkin sang nata siniweng wadu / Kang paman sang Adipati
/ Mandaraka aneng ngayun / Lan Pangeran Mangkubumi / Lan
Singasari tan adoh //
3. Ki Dipati Martalaya munggeng ngayun / Tuwin para putra nangkil /
Alon ngandika sang Prabu / Lah ta Paman Adipati / Mandaraka ulun
taros //
4. Aprakawis dhusun ing Mangir puniku / Pan sampun tita ing mangkin /
Mandhireng tan arsa nungkul / Mandayeng keratin mami / Yen
suwawi dipun bunoh //
5. Gya ginecak tinumpes nakputunipun / Sipat lanang haywa kari /
Dipati Mandaraka matur / Kawula datan suwawi / Den sareh karsa
sang Katong //
6. Nadyan alit tan kenging ginampil Prabu / Yen sisip ambebayani /
Karya risaking wadya gung / Lan nistha jeneng nerpati / Amungsu
bekel bebaon //
7. Kalih wonten sayektine kang pakewuh / Adarbe pusaka adi / Waos
dhapuring Baru / Ampuhe kepati-pati / Nadyan jalma teguh layon //
8. Dhingin ulun winisik dhateng sang wiku / Sunan Adilangu uni / Ki
Mangir gamane luhung / Tan kenging tinulak jalmi / Sing ketiban
pasthi layon //
9. Tur cinetha dados pusakaning ratu / Dadya kembaraning Kyai /
Palered sapungkur ulun / Pramila Angger denrempit / Binunjuk alus
kemawon //

10. Lamun sampun kening waose pun Baru / Tan wonten malangateni / Sakarsa Panduka Prabu / Manira dhateng umiring / Sang Nata ngandika alon //
11. Yen mekaten Paman nggih andika rembug / Apan keng amrih prayogi / Slamete gunging wadu / Ywa nganti nistha nerpati / Tur sandika Dipati //
12. Mandaraka muwus / Lah ta kulup Mangkubumi / Lan Singasari sireku / Dipati Martalayeki / Paran rembug sun taros //
13. Jeng Pangeran Mangkubumi lon umatur / Ing putra Rajeng Mentawis / Yen suwawi karsa Prabu / Putranta rahaden Dewi / Ingkang linurug ing kewuh //
14. Lun panekkan mendhet mina jroning kedhung / Kang toya meksih abening / Mina kening satuhu / Mesem Risang Senopati / Ngartika sajroning batos //
15. Sigra jengkar kondur ngedhaton sang Prabu / Ingiring ing para sari / Kang bedhaya kalih lajur / Ngampil pacara nerpati / Supraptanira ing regol //
16. Para garwa sedaya sami amethuk / Kinanthi asta Nerpati / Kanan kering tuwin pungkur / Papingitan para selir / Wus prapteng dalem sang Katong //
17. Sampun lenggah angadep sagung pra arum / Warnanen pasowan jawi / Wus bubar sedaya mantuk / Mring wismanirapribadi / Sami prayitna ing batos //
18. Warnanen Ywang Bagaspati / Ywang Candra ingkang gumanti / Ri sedheng purnama tuhu / Sumilak padhang ing langit / Sang Nata ngandika alon //
19. Mring Bupati pawestri Disara luhung / Lah Adisara den aglis / Aturana Paman Juru / Malebua jro puri / Dyan Adisara wot //
20. Sigra lengser Disara ing ngarsa Prabu / Wus mijil sangking jro puri / Prapta Mandaraka pangguh / Kalih Jeng Kyai Dipati / Ni Adisara turnya alon //
21. Jeng Kiyai lun dinuta putra Prabu / Panduka dipun aturi / Malebet dhateng kedhatun / Cundhuk putranta Nerpati / Dipati Mandaraka gupoh //

22. Sampun kered tumameng jroning kedhatun / Prapta byantara Nerpati / Kang paman ngatura gupuh / Wus tata lenggah sang Aji / Lan kang paman ngandika lon //
23. Mila Paman kula aturi lumebu / Ndugekken rembag kang rempid / Sinten kang yogi tinuduh / Nginggahi dhateng ing Mangir / Kang samun santoseng batos //
24. Sang Dipati Mandaraka alon matur / Yen suwawi ing karsa Ji / Putra Panduka Dyah Ayu / Den Ajeng Pembayun nenggih / Katindakeno ing kewoh //
25. Pangarsane Martalaya ingkang patut / Dhadosa dhalang abangkit / Kekalih sumekseng siwi / Jayasupanta milwandon //
26. Lan pun Suradipa dados panjakipun / Adisara sampun kari / Amomonga ing sang Ayu / Dadosa penggender benjing / Denakena suta yektos //
27. Sri Narendra miyarsa pareng ing kalbu / Inggih Paman pun prayogi / Lan Adisara den gupuh / Timbalana si Adipati / Martalaya mring kedhaton //
28. Lan si Jayasupanta Saradipeku / Katelu iriden sami / Adisara awotsantun / Wus medal sangking jro puri / Dhinerekaken ponang wong //
29. Tan kawarna ing Martalaya wus rawuh / Panggih lawan Ki Adipati / Tuwin kalih kadangipun / Katri sampun den dhawuhi / Ngandikan manjing kedhaton //
30. Tur sandika sampun kerid lampahipun / Lajeng tumameng jro puri / Prapta ing byantara Prabu / Tur bekti sumungkem siti / Abukuh denira lungguh //
31. Sri Narendra Mentaram ngandika arum / Lah Martalaya sun tuding / Sira lumeksaneng kewuh / Lan arinira kekalih / Sun kantheni putraningong //
32. Lan si Adipati milua sireku / Padha alakua sandi / Pepara mring Mangir nyamun / Awasena kang sayekti / Solahe si Mangir magok //
33. Putra nata kasih Den Ajeng Pembayun / Ngandikan ngarsa rama Ji / Sumungkem mangaras suku / Sang Nata ngandika aris/ Lah lungguha putraningong //

34. Sri Narendra angandika manis arum / Lah nyawa sira sun tuding /
Ngulati tumbal nagri gung / Slamete sagunging dasih / Neng Mangir
kalma kinaot //
35. Lakonana sang Retna tan saget matur / Sumungkem suku anangis /
Anukmeng sajroning kalbu / Paran nggoningsun gumingsir / Yen wus
karsaning sang Katong //
36. Lara pati ingsun pun darma lumaku / Sudarma lantaran widi / Lamun
ta lenggana ingsun / Duraka ing lair batin / Lara wirang sangking
pakon //
37. Dadya matur sandika sarwi amuwun / Kang putra sampun winangsit /
Benjang yen sampun katemu / Amrih sebabe Ki Mangir / Sang Nata
ngendika alon //
38. Lah ta Paman Mandaraka dipun gupuh / Si Dhalang dika paring /
Ringgit sakothak puniku / Gangsa gender wus paring / Suling rebabe
kinaot //
39. Wus rumanti praboting dhalang sedarum / Niyaga kang mbekta sami
/ Sang Nata ngandika arum / Lah uwis mangkata mangkin / Ing wuri
aja pakewuh //

SANG RAJA PUTRI

PANGKUR

1. Matur sandika gya mangkat / Wanci bangun raina nggennya mijil /
Lampahira rangu-rangu / Dipati Mandaraka / Sampun medal
sangking sajroning kedhatu n / Ndhawuhi wong kapetangan /
Njampangi sang Raja Putri //
2. Kuneng kang kantun nagara / Kawarnaa kang lumampah mring
Mangir / Daton kewarna ing enu / Prapta Mangir semana / Amarengi
ungsume wong-wing mertu dhusun / Alaris kathah kang nanggap /
Kasusra dhalang negari //
3. Lawan malih wus kawarta / Lamun dhalang darbe atmaja estri /
Warnane ayu kelangkung / Desa tan ana madha / Dadya katur mring
Ki Ageng Mangir sampun / Duk semana tinimbangan / Dhalang mring
Ki Ageng Mangir //

4. Wus prapta tata alenggah / Neng mendhapa Ki Ageng amanggih / Namadunya sebdanya rum / Ki Dhalang nuwun turnya / Tanya malih sinten wewangenireku / Lan sangking pundi pinangka / Ki Dhalang amatur aris //
5. Kawula pun Sandiguna / Angsal ulun Negari ing Kedhiri / Andherek mring Gusti ulun / Senopati ing Pamenang / Mbalik dhateng gusti sang Prabu Mentarum / Nging seda madyaning rana / Keng sampyuh lan pun Pesagi //
6. Mila wonten Mentaram / Ki Geng Mangir mangkya ngandika ris / Kula nedha damelipun / Kisanak ndika mayang / Wonten ngriki Ki Sandiguna turipun / Sumangga yen wonten karsa / Semana sampun alatri //
7. Tata wayang neng pringgitan / Ingkang nggender Adisara respati / Sang Retna lenggah neng pungkur / Ira Ki Sandiguna / Saradipa punika nabuh kempul / Sandisasmita angendhang / Wus lajeng lekas aringgit //
8. Lampahane Pikukuhan / Ki Ageng Mangir ningali neng mendhapi / Mulat ingkang atmajanipun / Dhalang ayu utama / Nora linyok sagung wong ingkang anggunggung / Ki Ageng branta ing nala / Sakbandanira aringgit //
9. Tinimbangan mering mendhapa / Ki Geng Mangir Tanya wecana manis / Rarestri lenggah ing pungkur / Dika kapernah napa / Kiyai Dhalang Sandiguna lon umatur / Punika anak kawula / Lairan saking Kedhiri //
10. Ki Ageng malih tanya / Nggih punapa teksih legan puniki / Sandiguna aturipun / Mila teksih alegan / Dereng wonten kang dados parenging kalbu / Ki Ageng Mangir wecana / Yen paring dika Kiyai //
11. Anak dika kula tedha / Karya krama, Sandiguna turnya ris / Yen Tuwan sudi jumurung / Mupu tiyang ngumbara / Tanpa wisma, Ki Ageng wecana arum / Lah dika Kyai tetepa / Awisma wonten ing riki //
12. Tan ginustha rembagira / Sang Retnayu ingaturaken aglis / Ing dalu ingkang winuwus / Dyah arsa cinengkraman / Sang Retnayu akekah sarwi anuwun / Ki Ageng nglimur ngrerepa / Paran Nimas dadi galih //

13. Wong ayu ngur memundhuta / Ingkang adi-adi dasih ngladosi / Sang Retna nembah umatur / Alon sarwi karuna / Kyai Ageng kawula matur satuhu / Dede atmajaning dhalang / Kula putra ing Mentawis //
14. Margine kawula kesah / Pan tinari krama kula tan apti / Sanget duka Rama Prabu / Kula pilalah pejah / Milanipun kalampahan kula tinundhung / Sing pura mila ngembara //
15. Kawula pinundhut anak / Dhateng dhalang mila tumut mariki / Temahan Panduka pundhut / Kangjeng Rama tan wikan / Lamun yektos Panduka sudi amupu / Dhateng dama kawlas arsa / Nging wonten panuwun mami //
16. Panduka sowan Mentaram / Ing Jeng Rama kawula nggih umiring / Tamtu bingah Rama Prabu / Darbe mantu Panduka / Mung punika kang dados panuwun ulun / Yen Panduka datan arsa / Sowan dhateng Mentawis //
17. Sayektos sun plaur pejah / Boten purun kawula angladosi / Ajrih durakeng Ywang Agung / Durakeng ing sudarma / Ki Ageng Mangir miyarsa ngartikeng kalbu / Yen mangkono raganingwang / Tan kaliru nggosun mipil //
18. Nemu putraning Narendra / Dadi dudu anaking dhalang sayekti / Iya sokur mring Ywang Agung / Sun katiban jimat / Ki Ageng Mangir angandikan manis arum / Dhuh Gusti sun turut sira / Sun seba Rajeng Mentawis //
19. Dilalah kersaning Sukma / Ki Ageng Mangir manahira agampil / Sangking sanget nandhang wuyung / Marang kusumaning dyah / Kyageng Mangir ngrerepa "Duhmirah ingsun" / Nanging Gusti jampenana / Kang abdi kandhon kingkin //
20. Sayekti tumekeng pejah / Ingkang abdi yen tan pinaring jampi / Wurung mati turut lurung / Pinunggel kang asmara / Sang Dyah Ayu sampun anglanggati sampun / Kawarnaa sampun enjang / Sandiguna den timbali //
21. Wus prapta lenggah mendhapa / Ki Ageng Mangir tetanya arum manis / Paman manira satuhu / Tanya dhateng andika / Rare niki napa anak dika tuhu / Ki Dhalang umatur seca / Yektose nggen kula manggih //

22. Rare wonten pangumbaran / Kula tanya bibit kawiting nguni / Tan seca kang darbe sunu / Ngaken rare ngumbara / Sampun lola tan ndarbeni bapa biyung / Sedaya sampun pejah / Milane kulambil siwi //
23. Ki Ageng marwata suta / Jroning galih bungahira tan sepi / Ngemu nyata tur ing dalu / Dadya Ki Ageng warah / Mring Ki Sandiguna / Sang Retna turipun / Ngaken putir ing Mentaram / Putrane Sang Senopati //
24. Lah nedha sami aseba / Mring Mentaram ngaturaken sang Putri / Ki Sandiguna andheku / Inggih dhateng sumangga / Ki Geng Mangir ngundhangi mring nak putu / Tuwin ingkang kulawangsa / Ing Mangir sami kinerig //
25. Dandan tandhu lan jajaran / Tuwin gawan tur atur mring Mentawis / Busekan wong Mangir sampun / Sumekta upacara / Lan bebetan asrah bulu bektenipun / Kuneng ing Mangir kang dandan / Ucapen ki Gunasandi //
26. Ing ndalu apirembagan / Saradipa ingutus tur upeksi / Ing Gusti Rajeng Mentaram / Dalu denira mangkat / Tan kawarna ing marga ing lampahipun / Enjing prapta ing Mentaram / Lajeng tumameng jro puri //
27. Cundhuk ing sang Senopatya / Saradipa sumungkem ing pada Ji / Sarwi alon aturipun / Ulun ngunjuki pirsu / Sampun katur saniskareng ngutus / Tuwin solahe neng kana / Sampun katur sedyaning //
28. Trustha sang Rajeng Mentaram / Animbali Dipati Mandaraka glis / Tan dangu prapteng kedhatun / Cundhuk putra Narendra / Panembahan Senapati ngandika rum/ Lah ta Paman Mandaraka / Pun Mangir arsa suwiwi //
29. Inggih Paman undhangana / Tyang Mataram sami prayitneng wisthi / Ananging ta dipun samun / Mandaraka tur sandika / Ingundhangan sagung wadya ing Mentaram / Wus sami prayitneng baya / Kuneng nagri ing Mentawis //
30. Ing Mangir kang kawarna / Kyai Ageng arsa utusan dingin / Tur uninga ing sang Prabu / Mentaram kang dinuta / Dhalang Sandiguna kinanthen wau / Awasta Ki Singajaya / Pinituwane wong Mangir //

31. Ingiring wong kalih dasa / Kakapalan lampahira pun aglis / Kuneng ta ingkang lumaku / Kawarnaa Mentaram / Sri Narendra miyos sineba wadya gung / Lenggah ing dampar kencana / Munggeng ing Bangsal Pangrawit //
32. Pepak gung putra sentana / Kyai Depati Mandaraka munggeng ngarsi / Tan dangu na jalma rawuh / Njujug waringin kembar / Tyang kekalih lenggah apepe tumungkul / Kawistareng ing Narendra / Gandhek kinen marika glis //
33. Wong gandhek lampahnya gancang / Sampun panggih lawan jalma kang prapti / Tinaken sampun matur / Lamun Mangir caraka / Sibra wangsul gandhek lampaha tan santun / Prapteng byantara tur sembah / Pukulun atur upeksi //
34. Gusti jalma ingkang prapta / Dutanipun didalem Ki Ageng Mangir / Sang Nata ngadika arum / Lah age timbalana / Wadya gandhek tur sembah sigra awangsul / Lampahira sampun prapta / Ndwuhaken timbalan aji //
35. Nedha andika ngandika / Tur sandika duta kalih kairid / Prapta byantara wotsantun / Muka sumungkem kisma / Sri Narendra pangandikanira arum / Lah sira kinongkon apa / Marang Ki Ageng ing Mangir //
36. Duta umatur wotsekar / Lun dinuta gusti atur upeksi / Ki Ageng Mangir pukulun / Ngaturaken pejah gesang / Tur uninga konjuk ing Gusti sang Prabu / Ing mangke manggih wanodya / Angaken putra Nerpati //
37. Den Ajeng Pembayun nama / Lamun yektos putra dalem Nerpati / Didalem Mangir cumundhuk / Ndherekken putra Nata / Sri Narendra angandika manis arum / Iya nyata putraning wang / Kang murca kalaning wengi //
38. Lir jinumput Sukmamanangsa / Sun ulati wus lawas tan kepanggih / Mengko jebeng Mangir nemu / Ingsun sokur ing sukma / Besuk apa nggone seba putraningsun / Pan ingsun utusan mapag / Mring putrengeng Nini Putri //
39. Ing benjang respati sowan / Sri Narendra ngandika Lah ya uwis / Sun tarima bektenipun / Age sira balia / Tur sandika duta nambah sigra mundur / Sapengkere ponang duta / Sang Nata ngandika aris //

40. Inggih Paman Mandaraka / Benjang Kemis den sudhiya ing jurit /
Inggang methuk putraningsun / Aneng jaban negara / Tur sandika
sang Nata kondur ngedhatun / Kang sewaka sampun bubar / Sedaya
mangati-ati //
41. Duta tan kawarneng marga / Lampahira ing Mangir sampun prapti /
Katur saatur ingutus / Miwah wewelingira / Sri Narendra Mentaram
sedaya katur / Ki Ageng suka ing nala / Sigra angundangi dasih //
42. Sumekta enjinge budhal / Wong ing Mangir kerig samya umiring /
Gegaman wetara sewu / Tuwin ingkang bebektan / Raja putri
tinitihaken tandu / Tanapi Ni Adisara / Tan pisah kalih sang Putri //
43. Upacarane bra sinang / Jajare merapit kanan kering / Ki Ageng
busana murup / Ki Baru datan tabah / Munggendu kanan Ki Geng nitih
mungguh / Ginarebeg sentanannya / Kinubeng gegaman asri //
44. Lir pindah binayang karya / Dhasar bagus wau Ki Ageng Mangir /
Abusana adiluhung / Lir pendah Partaajmaja / Raja putri lumampah
munggendu ing ngayun / Upacara munggendu ngarsa / Ing wuri
wongmager sari //
45. Gotongan lampah ngarsa / Inggang badhe katur Raden Mentawis /
Apan kathah waranipun / Gotongan myang rembatan / Lampah
ndulur asri munggendu ing marga gung / Rembeg lampahireng wadya
/ Akathah tiyang ningali //
46. Ing Mangir sampun kawuntat / Lampahira Karasan sampun prapti /
Arerep wonten ing ngriku / Ngasoen wadyabala / Kawarnaa Sri
Narendra ing Mentaram / Njing miyos siniwaka / Pepak kang para
dipati //
47. Sang Dipati Mandaraka / Munggendu ngarsa lan Pangran
Mangkubumi / Tuwin Pangran Singasantun / Pangran Dipati Kanan /
Pangran Puger punika ingkang sumambung / Jeng
PangranJagaraga / Pangran Purbaya nambungi //
48. Sang Dipati Mandaraka / Neng Sitinggil wau dennya miranti / Bupati
maglaran sampun / Miwah mantri Mentaram / Enengana kang
lumampah / Sira Ki Ageng ing Mangir //
49. Gancanging carita prapta / Sudimara wau Ki Ageng Mangir /
Pangeran Mangkubumi menthuk / Dhumateng ingkang putra / Nulya

- rerep sira Den Ajeng Pembayun / Umatur dhateng kang raka /
Nenggih Ki Ageng ing Mangir //
50. Lah punika Kangjeng Paman / Pangeran Mangkubumi ingkang
satunggil / Paman Pangran Singasantun / Amethuk ing kawula / Ki
Geng Mangir sangking turangga tumurun / Aris denira lumampah /
Panggih Jeng Pangeran kalih //
51. Ki Baru tan kena tebah / Raden Ayu Pembayun medhak aglis /
Lumajeng angraup suku / Ngabekti mring kang Paman / Sekaliyan
kang paman sami ngemu luh / Sang Dyah sumungkem karuna / Wus
kinen tata alinggih //
52. Ki Ageng Mangir salaman / Lan Jeng Pangeran Mangkubumi
gumanti / Jeng Pangeran Singasantun / Wus sami tata lenggah /
Namudana Pangran kalih mring kang rawuh / Nuwun Ki Geng Mangir
turnya / Pangeran ngandika malih //
53. Dhuh angger lampah manira / Pan ingutus ramanta sang Nerpati /
Methuk arinta sang Ayu / Ping kalih jengandika / Kaping tiga manira
kinen sung pemit / Yen panduka arsa sowan / Dhateng ramanta
sang Aji //
54. Sampun sagelar sapapan / Langkung ewet sang Nata tan manggihi /
Tan taningal seca tuhu / Ngabekti wong atuwa / Yen sembada
Angger luwung kinen mundur / Sagunge ingkang gegaman /
Rumeksaa dalem Mangir //
55. Menawi andika lama / Neng Mataram ing wuri langkung watir / Dene
ingkang atut pungkur / Amungna upacara / Nadyan gaman mungna
sawetara tumut / Pantese sowan ing Nata / Sampun angaget-aget //
56. Bupati andher aseba / Para mantri Majegan sampun nangkil / Prajurit
barisnya tepung / Munggeng alun-alun aglar / Inggang saos badhe
methuk sang Dyah Ayu / Inggang sangking panggambaran / Saha
prayitna ing westhi //
57. Sang Nata alon ngandika / Paman Mandaraka sumangga kardi /
Manira wonten kedhatun / Ing jawi jengandika / Sang Dipati sandika
ing aturipun / Dipati Mandaraka nabda / Lah ta Kulup Mangkubumi //
58. Lawan kulup Singasekar / Lah methuka aneng jaban negari / Mantri
Majegan kang milu / Den prayitna ing baya / Yen si Mangir deniring

- gegaman agung / Den andhega Sudimara / Aja akeh ingkang ngiring
//
59. Sira Puger Purbaya / Lah methuka Danalaya den aglis / Wong
Kajoran ingkang milu / Yen Mangir prapteng kana / Gegamane
andhega aja leh milu / Mung karia upacara / Kang ngiringi mlebu
negari //
60. Dene sagung pra nayaka / Aseba aneng ing Pancaniti / Wiroguna
ingsun tuduh / Sebaa Panguraken / Yen si Jebeng Mangir prapta
aneng riku / Andhege upacaranya / Muga kekasih kang ngiring //
61. Tuwin para sentananya / Inkang ngodhe jalu miwah pawestri /
Ngiringa marang kedhatun / Sun aneng Brajanala / Gung prajurit
barisa pendhem sedarum / Densamun den ngati-ati //
62. Sedaya matur sandika / Sibra budhal Pangeran Mangkubumi / Lan
Pangeran Singasantun / Lan Mantri Pamajengan / Sampun prapta
Sudimara nggennya methuk / Pangeran Puger Parubaya / Ing
Danalaya miranti //
63. Tanapi wadya Kajoran / Wiroguna Pangraken miranti / Prajurit
ngubeng kedhatun / Nanging samun barisnya / Sri Narendra sampun
kondur angedhatun / Dene sagung para putra / Sedaya neng
Srimanganti //
64. Ki Ageng Mangir nuwun turnya / Pinaringan prayogi anglampahi /
Wadya ingundhangan mantuk / Rumeksa ing wuntat / Mung karia
nderek wong patang puluh / Lawan wadya upacara lan gegawan
mbacut sami //

KI AGENG MANGIR LENA

PANGKUR

1. Wus bubar sagung gegaman / Mantuk dateng Mangir rumekseng
wengi / Ing enu datan winuwus / Ki Geng Mangir wus mangkat /
Pangeran Mangkubumi kang ngirid ing ayun / Ing Danalaya kapapag
/ Pangeran Puger Dipati //
2. Kawetareng gya tedhak / Sang Retna Pembayun aningali / Yen kang
rayi kalih metuk / Matur dhateng kang raka / Jeng Kiyai punika

- Adhimas methuk / Pangeran Puger Purbaya / Ki Ageng Mangir nuruni //
3. Sakedhap tata alengguh / Pangeran Puger namudana amanis / Ki Geng Mangir matur nuwun / Pangeran malih nebda / Kula ngutus ing Nata kinen amethuk / Kakangmbok lan jengandika / Lajenga manjing negari //
 4. Nging sampun mbekta gegaman / Sri Narendra tyas langkung sangga runggi / Sami kantuna ing enu / Namungnya upacara / Lan bebektan lajengan tumut laju / Ki Geng Mangir tur sandika / Wong kawan dasa ken kari //
 5. Amung kari upacara / Sigra lajeng lampahira lestari / Prapta Pangurakan methuk / Tumenggung Wiroguna / Lan umatur mring Ki Ageng Mangir wau / Angger gunging upacara / Panduka antun neng riki //
 6. Pangeran catur lajeng sigra / Tur uninga ing Jeng Sri Narapati / Prapteng byantara umatur / Putranta sampun prapta / Lan pun Mangir kendel Pangurakan dangu / Ngantosi karsa paduka / Sang Nata ngandika aris //
 7. Lah wong gandhek timbalana / Putraningsun lan si Jebeng Mangir / Lajua marang kedhatun / Hangywa suwe neng jaba / Nembah lengser wong gandhuk lampahnya gupuh / Sampun prapta Pangurakan / Ki Ageng dipun dhawuhi //
 8. Nedha Ki Ageng ngandikan / Lan arinta tumameng jroning puri / Raja Ji angayun-ayun / Ki Ageng tur sandika / Retnaning dyah pinethuk jempana sampun / Lajeng Ki Ageng andharat / Ki Baru tan keru tebih //
 9. Ginerbeg sentananira / Prapteng Pancaniti tedhak sang putri / Lajeng minggah Sitiluhur / Ki Ageng datan tebah / Lan Ki Baru prapteng Brajanala sampun / Dipati Mandaraka mapag / Mring wayah angemu tangis //
 10. Apan sarwi kapang-kapang / Pangandikanira arum amanis / Adhuh Nyawa putraningsun / Tan nyana meksih gesang / Sun ulati alami datan kepanggih / Sun sebar keh wong Mentawis / Njajah desa milang kori //

11. Ing wana arga sinasak / Ingulatan ameksa tan kepanggih / Ingsun nyana sampun lampus / Mangke sira pinanggya / Mring Mas Putu ing Mangir langkung jumurung / Wus sami tata alenggah / Kemandhungan amiranti //
12. Sang Retna ngaturi priksa / Mring Ki Ageng Mangir wecana manis / Punika Jeng Eyang tuhu / Dipati Mandaraka / Keng nguyunu sedaya tiyang Mentarum / Jeng Rama inggih tan wikan / Sampun dening Yang Dipati //
13. Sang Retna lajeng ngabektya / Mring kang kinen alungguh / Dipati Mandaraka / Namudana Ki Ageng Mangir tur nuwun / Sang Dipati malih nabda / Putu sun asung prayogi //
14. Sira ngabekti sudarma / Lan Narendra nganggo tataning nagri / Tan kena tumbak malebu / Marang sajroning pura / Lah kantuna ampilanira sun tunggu / Ki Ageng ewe ting driya / Adangu tan kena angling //
15. Kumejot sarjoning manah / Dadya matur sang Retna ngasih-asih / Sampun walang driya tuhu / Punika Kanjeng Eyang / Dipitados sampun lampahing praja gung / Lumbet sajroning pura / Tan kenging gegaman ngiring //
16. Ki Ageng nuruti garwa / Atur sembah Sumangga Jeng Kiyai / Tan dangu Ni Lurah rawuh / Ndhawuhaken timbalan / Nedha Gusti Panduka ngandikan Prabu / Lumbeng dhatulaya / Panduka Gusti rumiyin //
17. Sang Retna lajeng mring pura / Sri Narendra lenggah gegilang adi / Kang rayi kalih neng ngayun / Pangeran Mangkubumnya / Lan Pangeran Singasari keringipun / Pangeran dipati ngarsa / Pangran Puger Purbayekti //
18. Sang Retna sareng katingal / Lan Dirasa ingawe sang Nerpati / Aklih majeng awotsantun / Prapteng byantara Nata / Dyan sumungkem ing suku ngusapi lebu / Sang Retna sarwi karuna / Sang Nata ngandika aris //
19. Adhuh Nyawa sun tarima / Wis menenga aja sira anangis / Mundura mring dalem pungkur / Lan sira Adisara / Dinuk ngliring Disara dugeng ing kalbu / Sang Retna tur sembah medhak / Kondur dhateng dalem wingking //

20. Pangran Mangkubumi medal / Lan kang rayi Pangran Singasari /
Prapta Kemandhungan sampun / Ndhawuhaken timbalan / Lah Ki
Ageng Mangir ngandikan sang Prabu / Malebeng sajroning pura /
Sandika Ki Ageng Mangir //
21. Kerid marang Jeng Pangeran / Kang ampilan sentana kantong jawi /
Ki Ageng prapteng kedhatun / Munggeng byantara nembah / Dyan
ingawe Ki Ageng aseleh dhuwung / Majeng ndhadhap prapteng
ngarsa / Sumungkem pada Nerpati //
22. Sang Nata emut ing driya / Dukanira ing kuna andhatengi / Ki Mangir
sirah dhinengku / Ketanggor sela gilang / Kapisanan Ki Mangir
sirahnya remuk / Sang Nata anulya jengkar / Sinamun dennya
ngemasi //
23. Layon sampun sinaenan / Winedalaken mring pabutulan kering /
Sang Ywang Radiktya meh surup / Pangran catur wus medal /
Sampun panggih lan sang Adipati gupuh / Wau ta Ki Mandaraka /
Sampun anempeni wangsit //